Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 17 (6999) 30 март 2026 с. Итни Шавал 1447 с. Багьа - эркенаб

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# Гъалип Гъалипов: «Бакълъулал руго ракI бечедал гIадамал»

### Улка цIунулезе гьабураб кумекалъухъ – баркалаялъул кагъат

**Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалипов дандчIвана взводалъул инструктор ва 7-леб рагъулаб базаялъул лагералъул комендант Башир Хважаевгун, Данухъа волонтёр Арсен Юнусовгун ва Дубки росулъа ополчениялъул командир Темирхан МухIамадовгун.**



Гьез Гъалиповасе баркала загьир гьабуна СВОялъул гIахьалчагIазе гуманитарияб ва гIарцулаб кумек гьабуралъухъ. Хасго фронталъул мухъалде кIиго КамАЗ цIураб хъарщицIул битIизе гьабураб квербакъиялъухъ. 7-леб армиялъул базаялъул лагералъул командирасул рахъалдасан бакълъулазул районалъул нухмалъулесе баркалаялъул кагъатги кьуна.

«Гьаб шапакъат буго тIолго районалъе бугеб. ГIадатиял гIадамазул кумек гьечIого хIалтIи гьабун бажаруларо. СВОялъул мухъалде гуманитарияб къайи бакIариялъулъ къиматаб бутIа лъуна ва лъола буго батIи-батIиял идарабазул вакилзабаз, росабазул хIаракатчагIаз, сахаватчагIаз. Бакълъулал руго ракI бечедал гIадамал.

Гьарула щивасе икъбал, щулияб сахлъигун халатаб гIумру. Бергьенлъигун тIадруссаги Россиялъул интересал цIунула ругел нилъер ракьцоял», - ян абуна муниципалитеталъул нухмалъулес.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Маданияталъул хIалтIухъанасул къо кIодо гьабуна

### РухIияб рахъ бечелъаги

**Бакълъулаз кIодо гьабуна маданияталъул**




**хIалтIухъанасул къо. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана муниципалияб гIуцIиялъул бетIер Гъалип Гъалипов, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIалихан ДавудхIажиев, маданияталъул, библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул хIалтIухъаби, ветеранал ва цогидал.**

Данделъараздехун баркиялъулаб кIалъайгун хитIаб гьабуна Гъалиповас: «Маданият цебетIезабиялъулъ нужеца лъураб бутIа гIицIго хIалтIи гуро, гьеб ккола нилъер муниципалитеталъул рухIияб рахъ бечелъиялъе къучI. Нужер щивав ккола гIадатал цIунулев, гIолилазе мисал.

Дица ракI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам! Гьарула хIалтIулъ бергьенлъаби, гьеб ракIбацIцIадго гьабизе гъира, жамгIият цебетIезабиялъулъ лъикIал хIасилал».

Тадбиралда районалъул бетIерас ва муниципалитеталъул маданияталъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас мисалиял хIалтIухъабазе ва ветераназе шапакъаталги кьуна.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**





НОМЕРАЛДА РУГО:



**Сайпудин АхIмадов – районалъул жамгIияб палатаялъул нухмалъулев**

**- 2 гьум.**



**МелъелтIа: СВОялъул рагъухъабазул, Россиялъул халкъазул цолъиялъул соналъул хIурматалда**

**- 2 гьум.**




**Къисматалъе къуркьичIей къадруяй магIарулай**

**- 2 гьум.**



**Дзюдоялъул рахъалъ гьунар бихьизабуна ОМВДялъул хIалтIухъабаз**

**- 2 гьум.**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТIАЛАБАЗДА

# Сайпудин АхIмадов – районалъул жамгIияб палатаялъул нухмалъулев

## Цадахъаб хIаракатаб хIалтIи гIуцIиялъул бицана

**Муниципалияб жамгIияб палатаялъул данделъи тIоби-тIана араб анкьалъ районалъул администрациялда. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер Гьалип Гьалипов, палатаялъул гIахьалчагIи ва цогидал.**



Гьез гьоркьор лъуна жамгIият ва район церетIеялъул суалал. «Цадахъаб хIаракаталдалъун гIагараб ракь цебетIезаби – кIвар цIикIкIараб иш. ЖамгIияб палатаялъул гIахьалчагIи ккола гIадамаздаги хIукуматалдаги гьоркьоб бугеб кьо», - ян абуна Гьалиповас.

Тадбиралда хасго кIвар кьун бицана сахлъи цIуниялъул, лъай кьеялъул, хIалтIул гIадлунизамалъул. Данделъиялда гьединго вищана районалъул жамгIияб палатаялъул председательги. Гьеб хъулхъида тана Сайпудин АхIмадов, гьесул заместительлъун вищана Муса ХIусенов.

Зугъра ГIабдулкъадирова

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# МелъелтIа: СВОялъул рагъухъабазул, хIурматалда спортивиял къецал гIуцIана

## Спорталъулаб байрамлъун лъугьана тадбир

**Спецоперациялъул гIахьалчагIазул хIурматалда ва Россиялъул халкъазул цолъиялъул соналда хурхун волейболалъул къецал тIоритIана МелъелтIа росулъ. Турниралъул аслияв спонсорлъун ва гIуцIарухъанлъун вукIана мелъелдерил бегавул МухIамад ГIабдунасиров.**

Гьединго тIоритIана спорталъул цогидал тайпабазул къецал, гьезда гьоркьор рукIана рекери, канат цIай, кIанцIи, гиря рехи. Унго-унгояб спорталъулаб байрамлъун лъугьана тадбир. Турниралъул гIахьалчагIазе квен чIезабуна Тимур ва ГIабас Шейховаз. Кидаго гIадин, садакъа гьабуна Мурад Халидовасги.



Росдал лъикIал спортсменал Рамазан ГIадилгереевасе, АхIмад Тимисултановасе, Набигула Астимировасе, МухIамадрасул АхIмадовасе, Батир Батировасе шапакъаталги кьуна.

Бергьаразе медалал, грамотаби, гIарцул сайгъатал кьуна. ТIоцебесеб бакI ккураб волейболалъул командаялъе щвана 40 азарго гъурущ, кIиабилеб бакIалъе – 30 азарго гъурущ, лъабабилеб бакI ккуразе 20 азарго гъурущ кьуна. Шапакъатал кьеялъулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас.

Макка МухIамадова

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# Къисматалъе къуркьичIей къадруяй магIарулай

## ХIалтIуе мутIигIав, чидае пайдаяв реццалъул калам камун хутIиларо

**Гьунар тIокIай тарбиячIужу Набиева Рузмай Набиевналъул хIакъалъулъ бицине бокьун буго «Гумбет» газета гьоркьоб ккун. Гьаюна Рузмай 1951-абилеб соналъ Гумбет районалъул ЧIиркъата росулъ КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, чанго орденалъе ва медалазе мустахIикълъарав бахIарчи Наби ГIумаровасул хъизамалда. Рагъул кьогIлъи бихьарав гьев лъималазе хIеренав вукIана ва гьезие лъай кьеялда кIудияб тIадчIей гьабуна.**



Гьелъго батила, 1968-абилеб соналъ росдал школаги лъугIизабун, Рузмай Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул ингилис мацIазул факультеталде цIализе лъугьарайги.

Школалда цIалулеб мехалъ гьей йикIана лъикIай цIалдохъан ва спорталдехун букIана кIудияб рокьи. Университеталдаги лъикIай студентка гурейги, гьей йикIана тIадагьаб атлетикаялъул рахъалъ 2 -абилеб разрядалъул спортсменкаги, 1-себ разрядалъул волейболисткаги.

1975-абилеб соналъ Рузмайица жиндирго хъулухъалде тIоцебесеб гали бегьана ЛъаратIа росулъ. 1976-абилеб соналъ гьей хIалтIизе ячIана гIагараб школалде ва жакъа къоялде щвезегIан гьений хIалтIулей йиго.

Гьелъ тарбия кьун ва лъай цIубазабун кватIире риччана анцI-анцI цIалдохъабазул гIелал. РакI бацIцIадго тIубараб хъулухъалъухъ ва гIун бачIунеб гIелалъе кьураб тарбия-лъаялъухъ Рузмай мустахIикълъана Россиялъул лъай кьеялъул кьимат тIокIай хIалтIулъухъан абураб цIаралъе ва рикIкIун хIал кIоларелгIан гIемерал баркалаялъул кагътазе.

Риидалил гIодоркьоялцин хIалхьиялда тIамулароан гьелъ. МагIарда, заводалда, колхозалда хIалтIулаан цIалдохъабигун цадахъ. Гьединаб хIаракатчилъиялъухъ Рузмай мустахIикълъана «ХIалтIул ветеран» абураб цIаралъе.

Гьелда цадахъ цIалулел, хIалтIулел рукIаразги, сапаралде ккаразги гьей ракIалде щвезаюла бихьинчияб хасияталъул, къуркьи гьечIеб ритIухъаб гIамалалъул гIаданлъун.

Амма киналго магIарул руччабазул гIадин Рузмайилги гIумруялъул нух тIогьода босараб байдан букIинчIо. Гьелъ раччана гIемерал захIмалъаби, гIумруялъул къварилъабаз чанги кIвекIана. Амма гьей гьезие къуркьичIо. ЗахIмалъабазда гьей тархъан гьайизе кIвечIо. Гьей къуватай магIарулалъ киналдаго тIасан гали цебехун бегьана.

Рузмайица тарбия кьун гIезаруна 3 яс. Гьел руго хIалтIи бокьулел, гIадамазулъ недегьал ва чIахIиязул адаб ккурал. Коллективалъе гьей ккола мугъ чIвалеб кьуруlъунги, хIеренай эбеллъунги, кьварарав эменлъунги, йокьулей яцлъунги ва божарай гьудуллъунги.

Кинаб суалалъе аскIоре аниги, гьебги тIубан, тIаде малъа-хъваялги гьарун, ритIула гьелъ. Кьваридасе ракI батулеб рагIиги, хIажатасе бегьулеб кумекалъул кверги, къадарасе – букIине кколеб бадибчIвайги – кинабго буго Рузмайил хасияталъулъ.

Исана 51 сон тIубала гьей къадруяй магIарулай гIагараб школалъеги, росдал лъималазеги гIоло, жиндирго сахлъиялда барахщичIого, чорхое хIалхьи тIалаб гьабичIого, хIалтIулей йигелдаса. Гьездаса 46 соналъ гьей хIалтIулей йиго тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместительлъун.

Гьел соназда жанир жинца 8 директор хисанин бицуна гьелъ. ХIисаб гьабун бихьеха, кигIан щулияб яхIги, гIатIидаб ракIги, гIадамазулъ гIамал рекъезабизе махщелги букIине кколеб, гьевгощинав тIадчи хисун, хIалтIизе ккани.

10-абилеб марталъ Рузмайица тIубана гIумруялъул 75 сон. РакIчIун абизе кIола, гьел гIадада инчIин, гьел соназул тIугьдул, тIад саву ккун, рухIизе гьечIин. Гьел соназ жанире рачун ругел гIемерал хIалбихьияздасанги дунялалъул балъголъабаздасанги данде гьарурал сабруги, гIакълуги, хинлъиги, рокьиги Рузмайилъ жеги кьун гьечIо ва гьаб жакъаги сверухъ ругезе гьел гьел гьарзаго рикьулелги руго.

Бокьун буго баркизе Рузмай Набиевналда гьелъул юбилей. Гьаризе гьелъе щулияб сахлъиги, рекIее хIалхьиги, чорхое жанги, жеги гIемерал соназ нижее цеехъанлъи гьабизе гьираги.

**ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул коллектив**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Дзюдоялъул рахъалъ гьунар бихьизабуна ОМВДялъул хIалтIухъабаз

## ГIарцул ва мазгарул медалазе мустахIикълъана

**МахIачхъалаялда тIобитIана низам цIунулел идарабазул хIалтIухъабазда гьоркьоб дзюдоялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат. ТIолалго районаздаса бищунго къуватал полициялъулал спортсменал данделъараб турнир букIана унго-унгояб къвакIиялъул ва махщелчилъиялъул хIалбихилъун.**

Гьениб мустахIикъаб бутIа лъуна нилъер росуцояз, хIалуцарал къецазулъ лъикIал хIасилал рихьизаруна. 100 кг цIайиялда гIарцул медаль щвана ЧIиркъатIа росулъа Шамил МухIамадбакировасе.

Гьединго 66 килограммалъул цIайиялда кIиабилеб бакI ккуна МелъелтIа росулъа Муса Забидовасе. 60 килограммалъул цIайиялда мазгарул медаль щвана Аргъвани росулъа Ислам Мусаевасе.

Районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас бакълъулазул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазда баркана гьезул лъикIал хIасилал ва гьарана гIумруялъул киналго рахъазда бергьенлъаби.

Зугъра ГIабдулкъадирова

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

## Решение

от 18 марта 2026 г. № 05

### Об избрании главы администрации сельского поселении «Село Нижнее Инхо» Гумбетовского района, Республики Дагестан

**В соответствии с Федеральным законом от 06. 10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации». Устава муниципального образования «Село Нижнее Инхо» Гумбетовского района. РД. Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы администрации сельского поселения «Село Нижнее Инхо» Гумбетовского района. РД, утвержденного решением Собрания депутатов от 30.12.2024 № 08. решением конкурсной комиссии о представлении двух кандидатур на рассмотрение депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо» от 10.03.2026 г. № 3 Собрание депутатов.**

**Решает:**

1. По результатам голосования признать Расулова Омарасхаба Тажудиновича избранным главой администрацией сельского поселения «Село Нижнее Инхо» Гумбетовского района Республики Дагестан.

2. Избранному главе сельского поселения «Село Нижнее Инхо» Гумбетовского района. РД вступить в должность с момента избрания согласно Уставу муниципального образования «Село Нижнее Инхо» Гумбетовского района. РД.

3.Настоящее решение вступает в силу с момента его подписания, а также надо разместить на сайте сельского поселения «Село Нижнее Инхо».

**Председатель Собрания**
**Магомедов А. А.**

ДОКУМЕНТЫ

# Меры безопасности в весенне-летний пожароопасный период

**Наступление весенне-летнего пожароопасного периода всегда отмечается резким ростом пожаров, связанных с выжиганием сухой растительности.**

С наступлением весны люди спешат привести в порядок свои владения и прилегающую территорию, при этом, забыв о требованиях пожарной безопасности, сжигают бытовой мусор и сухую растительность.

При разведении костра в т.ч. и для сжигания мусора, сухой травянистой растительности, листвы и иных отходов, необходимо соблюдать следующие меры безопасности:

— разводить костры можно только в безветренную погоду и на специальных площадках, на расстоянии не менее 50 метров от зданий и сооружений;

— не оставляйте костёр без постоянного наблюдения;

— не разрешайте детям самостоятельно разводить костры, устраивать игры с огнём;

— у места разведения костра необходимо иметь запас воды для его заливки в случае возникновения сильного ветра;

— после окончания работ костер должен быть тщательно засыпан землей или залит водой до полного прекращения тления;

Чтобы не допустить возникновения пожара необходимо знать и соблюдать элементарные правила пожарной безопасности в период пожароопасного сезона:

— своевременно очищайте приусадебный участок и прилегающую к нему территорию от горючих отходов, мусора, опавших листьев и сухой травянистой растительности;

— не выжигайте сухую травянистую растительность на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, а также прилегающих к зданиям, сооружениям, жилым домам, хозяйственным постройкам;

— не выжигайте стерню, пожнивные остатки, сухую травянистую растительность, на землях сельскохозяйственного назначения и землях запаса;

— не загромождайте дороги, проезды и подъезды к домам, зданиям, и водоисточникам, используемым для целей пожаротушения, ветками деревьев и мусором, они должны быть всегда свободными для проезда пожарной техники;

— размещайте скирды (стога), навесы и штабеля грубых кормов на расстоянии не менее 15 метров до линий электропередачи и не менее 20 метров — до дорог и не менее 50 метров — до зданий, сооружений и строений;

— соблюдайте меры предосторожности при эксплуатации электрических сетей, электробытовых, газовых приборов, обогревательных приборов, печей в жилых домах и банях;

— не допускайте шалости детей с огнем.

Напоминаем об ответственности за нарушение требований пожарной безопасности, так согласно части 1 статьи 20.4 КоАП РФ нарушение требований пожарной безопасности влечет предупреждение или наложение административного штрафа:

- на граждан в размере до 15 000 рублей;
- на должностных лиц – 30 000 рублей;
- на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - 60 000 рублей;
- на юридических лиц – до 400 000 рублей.

А те же действия, совершенные в условиях особого противопожарного режима, согласно части 2 статьи 20.4 КоАП РФ влекут наложение административного штрафа:

- на граждан в размере до 20 000 рублей;
- на должностных лиц – до 60 000 рублей;
- на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - до 80 000 рублей;
- на юридических лиц – до 800 000 рублей.

**ОНД и ПР 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**
**УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# В Дагестане проводится операция «Оружие-выкуп»

## ОМВД России по Гумбетовскому району информирует

**В период с 01 февраля по 31 декабря 2026 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ. Согласно изменениям №361 от 29 декабря 2021 г., внесённым в постановление Правительства Республики Дагестан №184 от 24 апреля 2014 г., плата за выкуп, установленная ранее, увеличена.**

Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ и цены.

1.Пистолет (в том числе автоматический пистолет Стечкина), револьвер 55000.
2.Автомат 80000.
3.Пулемет Калашникова и его модификации 85000.
4.Ручной пулемет 75000.
5.Пистолет-пулемет 50000.
6.Автоматический гранатомет станковый 25000.
7.Подствольный гранатомет 20000.
8.Ручной противотанковый гранатомет 20000.
9.Одноразовый гранатомет 15000.
10.Малогабаритный реактивный огнемет 25000.
11.Снайперская винтовка 60000.
12.Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом 15000.
13.Охотничье гладкоствольное ружье 3000.
14.Газовые пистолеты и револьверы 2000.
15.Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства10000.
16.Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства 1000.
17.Травматические пистолеты и револьверы 3000.
18.Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами 20000.
19.Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и другие промышленного изготовления) за 1 грамм 8.
20. Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) 3000.
21.Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу 300.
22.Штатный боеприпас (выстрелы, снаряды к артиллерийскому вооружению) 3000.
23.Выстрел к РПГ 3000.
24. Выстрел к подствольным и станковым гранатометам 2000.
25.Ручная граната 2500.
26.Мина 2000.
27.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12.7 калибра 15.
28.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12.7 калибра и более 150.
29. Запалы к гранатам 1000.

Отметим, что граждане, добровольно сдавшие незаконно хранящееся у них оружие, освобождаются от уголовной ответственности, предусмотренной за его хранение.

Также, напоминаем, что в соответствии с действующим законодательством за незаконное приобретение, передачу, сбыт, хранение, перевозку или ношение оружия, его основных частей и боеприпасов, предусмотрена уголовная ответственность вплоть до ограничения свободы сроком до 4-х лет и штрафа в размере до 80 тысяч рублей.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии либо непригодном для использования по основному назначению.

Граждане, желающие добровольно сдать огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества, могут обратиться в любое время круглосуточно в дежурную часть ОМВД России по Гумбетовскому району по тел.: 8 – 999 – 418 – 85 – 10.

**М. Н. Нажуев,**
**врио начальника ОМВД РФ по Гумбетовскому району**
**капитан полиции**

# В селе Мехельта пройдёт турнир по настольному теннису

**1 апреля 2026 года в 10:00 в рамках акции «Молодежь против терроризма, экстремизма и наркотиков» состоится турнир по настольному теннису среди любителей Горного территориального округа на Кубок главы Гумбетовского района. К участию приглашаются все желающие в возрасте 30+.**

**Призовой фонд:**
· 1 место — 15 000 руб.
· 2 место — 10 000 руб.
· 3 место — 7 000 руб.
· 4 место — 5 000 руб.

Турнир проводится без второго финала. Приходите побороться за Кубок главы района, проявить спортивный характер и поддержать здоровый образ жизни!

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Отдел МВД России по Гумбетовскому району предлагает варианты трудоустройства

**Предлагает гражданам один из самых престижных вариантов трудоустройства в настоящее время — это служба в полиции, непростая, но очень важная и необходимая работа, требующая профессионализма, выносливости, хорошей физической подготовки и умения логически мыслить.**

На службу принимаются граждане Российской Федерации от 18 до 50 лет: -с образованием не ниже среднего; -не привлекавшийся к административной и уголовной ответственности; -соответствующие квалификационным требованиям, способные по своим личным и деловым качествам, физической подготовке и состоянию здоровья выполнять служебные обязанности сотрудника органов внутренних дел.

Преимущество при приеме на службу предоставляется следующим категориям граждан: участники СВО, дети-сироты и дети оставшиеся без попечения родителей, дети военнослужащих, участвующих (участвовавших) в специальной военной операции на территории ЛНР, ДНР, Запорожской и Херсонской областей в период проведения СВО, дети ветеранов ОВД и дети сотрудников ОВД, погибших при исполнении служебных обязанностей.

Сотрудникам органов внутренних дел предоставляются следующие социальные льготы и гарантии: -денежное довольствие сотрудника ОВД на первоначальном этапе службы составляет 45000 – 50000 рублей, в зависимости от замещаемой должности; -возможность бесплатного обучения в высших учебных заведениях системы МВД России; -оплачиваемый учебный отпуск; -в обязательном порядке предоставляется государственное личное и дополнительное социальное страхование; -бесплатное медицинское обслуживание (поликлиники, госпитали, санатории на территории РФ); -предоставляется оплачиваемый очередной ежегодный отпуск продолжительностью 40 календарных дней, дополнительный отпуск за стаж службы в органах внутренних дел, дополнительный отпуск за ненормированный служебный день и отпуск по личным обстоятельствам. -после 10 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право на получение единовременной социальной выплаты для приобретения либо строительства жилого помещения; -после 20 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право выхода на пенсию).




**М. Н. Нажуев,**
**врио начальника ОМВД РФ по Гумбетовскому району**
**капитан полиции**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов МР «Гумбетовский район»

**от 10 марта 2026 г.** **№ 139**

### Решение

**Об исполнении бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2025 год**

**В соответствии со ст. 153, 264.1, 264.2, 264.5, 264.6 Бюджетного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального района «Гумбетовский район», Положением о бюджетном процессе в муниципальном районе «Гумбетовский район», собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район»:**

**Решает:**

1. Утвердить прилагаемый отчет об исполнении бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2025 год по доходам в сумме 642321,6 тысяч рублей, по расходам в сумме 658917,1 тысяч рублей, с превышением расходов над доходами (дефицит бюджета муниципального района «Гумбетовский район») в сумме -16595,5 тысяч рублей.

- по доходам муниципального района «Гумбетовский район» за 2025 год согласно приложению № 1;

-по исполнению ведомственной структуры расходов бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2025 год согласно приложению 2;

- по межбюджетным трансфертам, получаемым бюджетов в 2025 году согласно приложению 3.

2. Решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет» и на официальном сайте МР «Гумбетовский район».

**Председатель Собрания депутатов**
**А. И. Давудгаджиев**
**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Г. И. Галипов**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбетовском районе прошёл весенний субботник

**Традиционный весенний субботник состоялся в Гумбетовском районе.**

В мероприятии приняли участие заместители главы района Сайпилав Магомедов и Мухтарахмед Ахмедов, а также работники администрации муниципалитета и различных учреждений. В ходе экологической акции была приведена в порядок центральная площадь, расположенная рядом с администрацией района.



Участники также провели уборку территорий, прилегающих к учреждениям и организациям: очистили их от мусора, убрали прошлогоднюю листву и навели порядок возле зданий. К субботнику присоединились и сотрудники филиала МФЦ РД в районе под руководством директора Омара Магомедова. Подобные субботники в районе проходят регулярно и направлены на поддержание санитарного порядка и благоустройство общественных территорий.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## О легализации трудовых отношений

**Снижение теневой занятости и легализация трудовых отношений — важные шаги для развития района и повышения качества жизни его жителей.**




Легальная занятость обеспечивает социальные гарантии, стабильныйдоход и защиту прав работников, а также способствует развитию экономики и увеличению налоговых поступлений, что позволяет улучшать инфраструктуру и социальные услуги. В Гумбетовском районе ведется активная работа по выявлению и сокращению случаев нелегальной занятости.

Администрация МР «Гумбетовский район» призывает работодателей и работников сотрудничать с государственными органами, оформлять трудовые отношения официально и соблюдать трудовое законодательство. Это не только защищает права сотрудников, но и создает прозрачные и устойчивые условия для бизнеса.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкалъ къимат кьезелъун.